Tariyx

# ҚАРАҚАЛПАҚСТАН САЛЫГЕРШИЛИК ИЛИМИ ТАРИЙХЫНАН

**А.Ш.Қайпназаров** – *ассистент оқытыўшы*
*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*

**Таянч сўзлар:** иқтисодиёт, режа, динамика, ривожланиш, қишлоқ хўжалиги, иқтисодий сектор, соҳа.
**Ключевые слова:** экономика, план, отрасль, динамика, развитие, аграрный сектор, сельское хозяйство.
**Key words:** economics plan, field, dynamics, development, agriculture farming, agrarian sector.

Республикамыздың салыгершилик тараўында Қарақалпақстан салы илимий-изертлеў институтының орны гиреўли. Өзбекстан салы илимий -изертлеў институтының филиалы болған бул институт 40 жыллық тарийхха ийе.

Өзбекстан Республикасы Министрлер Кеңеси 1964-жылы 8-июльде 407-санлы «Қарақалпақстанда ислеп шығарыўды раўажландырыў хаққында» карар кабыл етилди. Қарақалпақстанда салыгершиликти раўажландырыў ушын жер ашыў, тийкарынан, 1962-жылдан басланып 1965-жылға келип 7,5 мың гектар жерлерге салы егилди. Салыгершиликтиң Қарақалпақстанда кең түрде егиле баслаўы илимий тийкарда жаңа сортларды жетилистириў, жердиң қурамына қарай отырып салы атызларын қайта ислеў машқаласы пайда болды. Бул машқаланы шешиў мақсетинде Өзбекстан Республикасы аўыл хожалық министрлигиниң 1966-жыл 30-марттағы 41-санлы буйрығына тийкарланып Өзбекстан салыгершилик илимий-изертлеў институты Қарақалпақстан филиалы Шымбай районындағы «Қызыл өзек» хожалығында Қарақалпақстан дийқаншылық илимий изертлеў институты салыгершилик лабораториясы базасында пайда болды. 1977-жыл апрель айында Нөкис районында жумыс баслады [1:34].

Қарақалпақстанда салыгершиликтиң раўажланыўы ушын тәжирийбеси бар Краснодар үлкесинен илимпазқәнигелер А.И.Майстренко, Е.П.Алесхин хәм И.М.Шаун сондай-ақ Кубан салыгершилик комбайиншылары үлкен жәрдем берди. 1979-жыл 1-сентябрьде 670-санлы “Қарақалпақстан Республикасында салыгершилик бойынша илимий-изертлеў ислерин кеңейтиў хәм өнимдарлығын асырыў хаққында қарар” қабыл етилди [2:28].

Қарақалпақстан шараятында салыгершиликти изертлеў хәм раўажландырыў бойынша П.А.Пулина, Т.Бабаниязов, С.Рихсиева, У.Абыллаев, Б.Кыдырбаев, Ж.Юлдашев, У.Маткаримова, С.Сапаров, Е.Курбанбаев, А.Сметов, А.Балтабаева, Ж.Бауетдинов хәм т.б. илимпазлар салы илимий-изертлеў институты қәнигелери жетисип шықты.

Қарақалпақстан салыгершилик илимий институты жумысларын шөлкемлестириўде Өзбекстан салыгершилик илимий-изертлеў институты директоры, биология илимлериниң кандидаты Х.Урианова хәм филиалдың биринши директоры, аўыл хожалығы илимлериниң кандидаты Р.Хайдаровтың хызметлерин айрықша атап өтиў орынлы. Олар жергиликли қәнигелер арасында илимий-изертлеў ислерин алып барыў қәбилетине ийе кадрларды таңлаўда, олардың табыслы ислеўине шараят жаратыўда, аспирантларға илимий басшылар тайынлаўда белсендилик көрсетти.

Р.Хайдаров өз ден саўлығы жағдайы бойынша 1968-жыл октябрь айында жасаў хәм жумыс жайын өзгертиўге мәжбүр болды. 1968-жыл октябрь айынан 1970-жыл апрель айына шекем филиалда аўыл хожалығы илимлериниң кандидаты Д.Мырзамбетов, 4 ай даўамында хәм аспирантурада оқыўды тамамлаған Д.Утебаевлар директор болып исследи. 1970-жыл апрель айынан 1986-жыл март айына шекем Ж.Юлдашев, 1986-жыл апрель айынан 1988-жыл май айына шекем Т.Айтмуратов, 1988-жыл май айынан 1993-жыл декабрь айына шекем Т.Бабаниязов, 1994-жыл февральдан 1998-жыл январь айына шекем Ә.Курбанбаев директор болып табыслы иследи.

Салы илимий-изертле институты Қарақалпақстан филиалы 1966-жылы 10 илимий хызметкер хәм техник хызметкерлер қурамында ис баслады. Өзбекстан салыгершилик илимий-изертлеў институты аспирантлары А.А.Шокиров хәм Х.Юсуповлар өзлериниң дала илимий тәжирийбелерин филиалға ўақтынша ажыратылған жер майданында өткерди. 1967-жылдан баслап Қарақалпақ мәмлекетлик педагогикалық институты тәжирийбе асырыўшылары С.Сейтмуратов, С.Сапаров хәм аспирант Б.Қыдырбаевлар илимий-изертлеў жумысларын хәм өз тәжирийбе жумысларын баслап жиберди. Усы жылы Е.Қурбанбаев илимий хызметкер болып иске жайласып, салы агротехникасы бойынша илимий ис баслады. 1969-жылдан тәжирийбе хожалығына бөлек жер ажыратылып, салы селекциясы хәм туқымгершилиги, агротехника лабораториялары ис баслады.

Қарақалпақстанда салы селекциясы бойынша илимий жумыслар Т.Бабаниязовтың лаборатория баслығы болғаннан кейин басланды. Ол селекция иси менен бирге территорияда салының хаўайы қызыл гүришли түрлерин егиў, олардың биотехникасы, салыгершиликтеги ақыбети хәм зыянлы шөплерге қарсы гүресиў дәстүрин ислеп шықты.

Қарақалпақстан Республикасында салыгершилик илимий изертлеў жумысларының раўажланыўында Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң 1979-жыл 1-сентябрь 670-санлы “Қарақалпақстан Республикасында салыгершилик бойынша илимий-изертлеў жумысларын кеңейтиў хәм нәтийжелилигин асырыў илажлары хаққында” ғы қарары үлкен әхмийетке ийе болды. Қарар тийкарында филиалдың материаллық хәм техникалық базасын тәмийинлеў жолға қойылды, илимий изертлеў тараўында ислеўшилер саны 44 адамнан 115 адамға көбейди.

Көп жыллық мийнетлер нәтийжесинде 1980-жылы салының жаңа сорты «Нөкис-1» мәмлекетлик сорт сынаў комиссиясына тапсырылды. Бул сорты районласқан сортларға қарағанда бир қанша кемшиликлерге ийе екенлиги сынаў даўамында белгили болды хәм еки жылдан кейин сынаў мүддети тоқтатылды. 1982-жылы салының «Нөкис-2» сорты (авторлары: П.Пулина, Т.Бабаниязов, С.Рихсиева) сынаў ушын комиссияға тапсырылды хәм сынаўдан табыслы өтип, 1986-жылға келип районластырылды. Бул сорт 105-110 күнде писип жетилисип, өсимлик бәлентлиги 90-95 см, дәни пискенде жатып қалмайды, урып женшиўге қолайлы болып шықты. Усы тәреплери салыкеш дийқанлардың өнимди жыйнап алыўдағы мийнетин жеңиллестирди [3:45].

1988-жыл филиалда жаратылған салының таза орта писер “Қарақалпақстан” сорты (авторлары: Т.Бабаниязов, П.Пулина, С.Рихсиева, У.Абыллаев) кең түрде районласады. Бул сорт Қазақстандағы Шордара сорт сынаў станциясында гектарынан 95,7 центнерге шекем өним берди.

Салыгершиликке қәнигелестирилген хожалықларда 1986-жылда 3,6% майданға филиал селекционер алымлары тәрепинен жаратылған сортлар егилген болса, 1999-жылы бул көрсеткиш 99,9% ке жетти. Қарақалпақстанда салыгершиликти раўажландырыўда үлкен әхмийетке ийе болған «Нөкис-2» сорты авторлары Т.Бабаниязов, П.Пулина хәм С.Рихсиева 1989-жылда Өзбекстан Республикасы Беруний атындағы илим хәм техника бойынша мәмлекетлик сыйлықты алыўға миясар болды.

Селекционер алымларымыз тәрепинен жаратылған «Гүлзар» сорты (авторлары: Т.Бабаниязов, У.Абыллаев, П.Пулина, Т.Адилов, С.Рихсиева) 1994-жылда хәм “Жайхун” сорты (авторлары: У.Абыллаев, Т.Бабаниязов, П.Пулина, Л.Бубиева, Г.Лос, Ж.Бауетдинова) 1997-жылда кең түрде районластырылды.

Агрохимия тараўында илимий жумыслар филиал дүзилген күннен басланды. Б.Қыдырбаев “Қарақалпақстан территориясында Әмиўдәрьяның оң тәрепиндеги жайлаўшөл топырақларға салы егиўде қолланылатуғын азотлы хәм фосфорлы төгинлер нәтийжелилиги хәм өлшеми” темасында 1972-жылы аўыл хожалығы илимлериниң кандидаты илимий дәрежесин алды. Ол 33 жыл даўамында салы өсимлигиниң минерал төгинлер, әсиресе азот пенен азықланыў машқаласын шешиў бойынша бир қанша илимий-изертлеў жумысларын алып барды. Салыгершиликте хәр түрли сортларға азотлы төгинлерди қолланыў мүддетлери, өлшеми хәм усылларын ислеп шықты хәм аўыл хожалығында пайдаланыўға енгизди. Нитрификация ингибиторлары КМП хәм АТГ салыгершиликтеги

нәтийжелилиги анықланды ҳәм азотлы төгинлерди қолланыў илажлары салыкешлерге усыныс етилди.

Қурамында 57,3% кремний оксиди, 10-11% тен темир ҳәм алюминий оксидлери 3,5-4%, калий ҳәм 15 тен артық микроэлементлер болған глауконитли кумның салыгершиликтеги нәтийжелилиги анықланды ҳәм фосфорлы төгинлердиң аз дәўиринде 2-3 жыл даўамында гектарына 0,5-1 тонна есабынан қолланыў усынылды. Глауконит нәтийжесинде оның қурамындағы кремний, темир ҳәм аллюминий топырақ бөлеклерине беккем жайласқан фосфорды ажыратып өсимлик өзлестиретуғын жағдайға алып келеди.

Илимий хызметкер К.Жәлекеев салыгершиликте азотлы төгинлерди бөлип-бөлип қолланыў нәтийжелилигин ҳәм фосфорлы төгинлердиң салы өнимдарлығына тәсирин үйрениў бойынша илимий жумыслар алып барды.

П.Мурзаназаров шор топырақларға салы егиўде минерал ҳәм микроэлементлерди қолланыў өсимликтиң дузға шыдамлылығын асырыў қәбилетине ийе екенлигин илимий түрде дәлиллеп берди.

Топыраққа ислеў бериў тараўында бир қанша илимий жумыслар алып барылды. Е.Қурбанбаев салы атызында өсетуғын жабайы шөплерге қарсы гүрестиң агротехникалық илажларын ислеп шықты ҳәм оны турмыста қолланыўға енгизди. Ол жерди айдаў мүддетлери, қамыс, ғәлле үллилер ҳәм жабайы шөплерге қарсы гүрестиң нәтийжели усылларын салыкеш дийқанларға усыныс етти.

А.Балтабаева салы егилетуғын майданларды еки қатлам етип айдайтуғын плуг (ПЙа-3-35) пенен ислеўдиң жабайы шөплердиң тарқалыўына ҳәм өнимдарлыққа тәсирин үйренип шықты. Топыраққа ПЙа- 3-35 маркалы плуг пенен гүзде ислеў берилгенде салы өнимдарлығы ПН-4-35 маркалы плугқа қарағанда гектарына 2,5-3 центнер дәнге көбейиўи анықланды. Жерлерди гүзде шүдигарлаўда бәҳәрги шүдигарға қарағанда салы өнимдарлығы 5 центнерге жоқары болыўы мәлим болды.

Илимий хызметкер М.Алланиязов тәрепинен атызды салы егиўге таярлаўда топыраққа ислеў бериў илажлары ислеп шығылып дийқанларға усыныс етилди.

Өсимликлерди қорғаў тараўында - салы атызында, жап-салмаларда өсетуғын жабайы отлардың турлери Ж.Юлдашев тәрепинен анықланып, оларға қарсы химиялық гүресте ислетилетуғын гербицидлер, оларды қолланыў өлшеми ҳәм мүддетлери үйренип шығылды. Илимий хызметкер Б.Тайыров ҳәм биология илимлериниң кандидаты У.Ниетуллаев тәрепинен салы зыянкеслериниң биологиясы, экологиясы, өнимди пәсейттириў дәрежеси үйренилип оларға қарсы гүресиў илажлары ислеп шығылды.

Илимий хызметкерлер: А.Муратбаев ҳәм М.Курбановлар химик алымлар тәрепинен ислеп шығылған жаңа гербицидлер нәтийжелилигин анықлаў ҳәм этирапты патасламайтуғын, жабайы отлардың 90% тен артығын жоқ қылатуғын гербицидлерди ислеп шығарыўға енгизиў бойынша усынyслар берилди. Салы кеселликлери ҳәм оларға қарсы гүресиў илажларын ислеп шығыў бойынша У.Ниетуллаев ҳәм А.Н.Сагидуллаевлар илимий жумыслар алып барды. Шет мәмлекетлер фирмаларында ислеп шығылған фунгицид, инсектицид ҳәм гербицидлер нәтийжелилигин анықлаў бойынша илимий-изертлеў ислери алып барылды.

Өсимлик таныў тараўында 1981-1990-жыллар даўамында территорияда районласқан салы сортлары майдан бирлигиндеги өсимликлер саны, минерал төгинлерди қолланыў өлшеми ҳәм мүддетлериниң өнимдарлыққа тәсирин үйрениу бойынша Г.Н.Разимов илимий-изертлеў жумысларын алып барды, көп жыллық илимий- жумыслар нәтийжеси бойынша 1994-жылы аўыл-хожалығы илимлери докторы илимий дәрежесин алды.

Егиў мүддети, тухым сарплаў муғдары, азотлы төгинлер ҳәм алмаслап егиў тараўындағы салының басқа өсимликлердиң туқым сыпатына тәсирин анықлаў мақсетинде А.Б.Қыдырбаев илимий-изертлеў жумысларын жургизип, туқымгершилик майданларында қолланыўа зәрүр болған агротехникалык илажларды ислеп шықты ҳәм салыгершилик хожалықларында қолланыўға усыныс етилди. Салыны алмаслап егиўдеги аўыл-хожалық егинлерин суўғарыў ҳәм мелиорация бойынша бир қанша илимий жумыслар жуўмақланып, олар ислеп шығарыўда қолланыла басланды [4:56].

У.Р.Литов тәрепинен Қарақалпақстан шараятында биринши мәртебе салыны суўғарыў өлшеми ҳәм суўды сарплаў бөлеклери (транспирация, пуўланыў, филтрация ҳәм басқалар) анықланды. Суўғарыў усыллары ҳәр бир сорттың өсиў, раўажланыў дәўирлеринде суўғарыў тәртиби ҳәм басқа да машқалаларды шешиў бойынша илимий жумыслар алып барылды.

Г.А.Хожамбергенов тәрепинен тез өсиў - раўажланыў қәбилетине ийе салы сортларын суўғарыў тәртиби усыныс етилди. Салыны алмаслап егиў тараўында гүзги бийдайды суўғарыў усыллары, олардың бийдай өнимдарлығына тәсирин үйрениў бойынша А.Ж.Пирниязов тәрепинен бир қанша дала тәжирийбелери өткизилди ҳәм ислеп шығарыўға енгизиў бойынша усыныслар таярланды [5:78].

Салыны алмаслап егиў тәртибинде қосымша өсимликлерди таңлаў, олардың агротехникасын ислеп шығыў бойынша бир қанша илимий жумыслар исленди. К.Турсынбаев тәрепинен салы менен алмаслап егиўде гүзги бийдай ҳәм арпа, гүзги жавдар, тритикале, перко ҳәм рале өсимликлери сынаўдан өткизилди, бул егинлерди күшли шорланған топырақларда аралық егин сыпатында егиў мүмкиншилиги дәлилленди. Алмаслап егиў тәртибинде мәкке-жүўери, ақ жүўери, дәнли егинлерди егиў технологиясы ислеп шығылды, олардың топырақ өнимдарлығына ҳәм салы өнимине тәсири үйренип шығылды.

Қарақалпақстан филиалы тәжирийбе хожалығы территория салыкешлерине 1970-жылдан баслап районласқан сортлар бойынша элита туқымын жетистирип бермекте. Тәжирийбе хожалығы 1980-2000 жыллары жылына орташа 350-360 тонна элита туқымларын салыкешлерге сатты.

Хожалықта салы өнимдарлығы 1995-жылда 35,1 центнер, 1996- жылда 46,3 центнер, 1997-жылда 50,7 центнер, 1998-жылда 42,1 центнер, 1999-жылда 49,9 центнер болды, бул дәўирде Қарақалпақстан Республикасында өнимдарлық 20,5; 20,0; 22,8; 16,9; 19,9 центнерден болды.

Әмиўдәрьяның төменги жағында салыгершиликти раўажландырыўға үлеслерин қосқан алымларымыз мийнети өз ўақтында баҳаланып барылды. К.Турсынбаев ҳәм Г.Н.Рахимовлар "Қарақалпақстан Республикасына хызмет көрсеткен илим ғайраткери", Ж.Юлдашев, Ф.В.Тен ҳәм Б.Кдырбаевлар "Қарақалпақстан Республикасына хызмет көрсеткен аўыл хожалығы хызметкери" атақларын алыўға миясар болды. Бир неше алымларымыз Москва ҳәм Ташкенттеги халық хожалығы жеңислери көргизбелери қатнасыўшылары гүўалықларына ийе болды.

**Әдебиятлар**


1. Кыдырбаев Б., Рахимов Т., Шамшетов Д. Салыгершилик. -Нөкис: «Билим», 1992.
2. Рахимов Т. Рис в Каракалпакии. -Нукус: «Каракалпакстан», 1989.
3. Салыдан жоқары зүрәәт жетистириў бойынша усыныслар. -Нөкис: «Билим», 1999.
4. Қарақалпақстан Республикасында салы алмаслап егиў дүзилисинде гүзлик бийдай егип тәрбиялаў бойынша усыныслар. - Нөкис: «Қарақалпақстан», 2000.
5. Қурбанбаев А., Қдырбаев Б., Балтабаева Б., Шукириллаев Р. Салыгершиликте алмаслап егиўди енгизиў бойынша усыныслар. -Нөкис: «Билим», 1994.



**РЕЗЮМЕ**

Мақолада ўлкамизда шолини ривожлантириш учун шароит яратилгандан кейин шоликорчилик соҳасида илмий тадқиқот институти шаклланганi, илмий мактаблар пайдо бўлгани тўғрисида маълумотлар келтирилган.

**РЕЗЮМЕ**

В статье приводятся сведения о формировании научно-исследовательских институтов в отрасли рисоводства после создания условий для развития рисовых посевов в нашем крае.

**SUMMARY**

In the article there is the information about forming of scientific-research institutions in the field of rice-growing after establishing conditions for the development of rice planting in our region.